**दिन—रविवार** **दिनांक—24.11.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ आकाशवाणी सँ अपन मन की बात कार्यक्रमक एक सय सोलहम कड़ी के संबोधित कयलनि। कार्यक्रम के संबोधित करैत ओ बिना कोनो राजनीतिक पृष्ठभूमिवाला युवा सभ सँ राजनीति मे आयबाक आग्रह कयलनि। श्री मोदी एहेन एक लाख युवा सभ के राजनीति सँ जोड़बाक लक्ष्य राखलनि अछि। जाहि लेल कतेको विशेष अभियान चलाओल जायत।

---

एम्हर, श्री मोदी बुजुर्ग लोकनि के डिजिटल अरेस्टक खतरा सँ बचेबाक प्रयास करयवला युवा सभक प्रशंसा कयलनि। श्री मोदी जोर दऽकऽ जनौलनि जे बुजुर्ग लोकनि एहेन अपराधक सभ सँ आसान शिकार होयत छथि आओर हुनका लोकनि के साइबर धोखा—धड़ी सँ बचेबाक, हमरा लोकनिक दायित्व अछि। ओ दोहरौलनि जे सरकार मे डिजिटल अरेस्टक कोनो प्रावधान नहि अछि।

---

आइ राष्ट्रीय कैडेट कोर दिवस अछि। श्री मोदी एहि मौका पर राष्ट्रीय कैडेट कोरक रूप मे अपन दिनक स्मरण कयलनि। ओ जनौलनि जे एहि सँ भेटल अनुभव अमूल्य अछि। श्री मोदी जनौलनि जे एन.सी.सी युवा सभ मे अनुशासन, नेतृत्व आओर सेवाक भावना बढ़ाबैत अछि। प्रधानमंत्री जनौलनि जे देश मे एन.सी.सी के मजगूत करबाक लेल सदिखन प्रयास प्रयास कयल जा रहल अछि।

---

प्रधानमंत्री जनौलनि जे देश मे भारतक प्राचीन समुद्री क्षमता सँ जुड़ल साक्ष्य के संरक्षित करबाक अभियान सेहो चलि रहल अछि। एहि लेल **लोथल** मे एक पैघ संग्रहालय सेहो बनाओल जा रहल अछि। ओ जनौलनि जे जौं किनको लऽग कोनो पाण्डुलिपी,

ऐतिहासिक दस्तावेज या हस्तलिखित प्रति अछि तऽ ओ सभ ओहि के भारतीय राष्ट्रीय अभिलेखागारक मददि सँ संरक्षित कऽ सकैत छथि।

———————————————————————

श्री मोदी जनौलनि जे जैव विविधता के बनाओल राखय मे गौरैया (बगराक) पैघ भूमिका अछि। ओ बढ़ैत शहरीकरणक कारण शहर मे गौरैयाक अस्तित्वक खतरा पर चिंता जतौलनि। प्रधानमंत्री बच्च सभक जिनगी मे गौरैया के आपिस लयबाक लेल कयल जा रहल किछु निक प्रयासक उदाहरण देलनि।

———————————————————————

बिहार विधान मंडलक शीतकालीन सत्र काल्हि सँ शुरू होयत जे उनतीस नवंबर धरि चलत। ई सत्रक बीच पांच बैसक होयत। पहिल दिन राज्यपाल द्वारा स्वीकृत अध्यादेशक प्रति सदन पटल पर राखल जायत। संगहि, उपचुनाव मे नव निर्वाचित विधायक सभ के शपथ दिआओल जायत। छब्बीस आओर सत्ताईस नवंबर कऽ राजकीय विधेयक पेश कयल जायत। अठाईस नवंबर कऽ चर्चाक बाद द्वितीय अनुपुरक–बजट आओर विनियोग विधेयक पारित होयत। उनतीस नवंबर कऽ अनुपुरक–बजट पर सामान्य चर्चा कयल जातय। पूरा सत्रक बीच विधान सभा परिसर आओर लऽग पासक क्षेत्र मे सुरक्षा कड़गड़ रहत। सत्र के बढ़ियाँ आओर सफल संचालन के लऽकऽ विधि व्यवस्था, आवाजाही प्रबंधन आओर सुरक्षा–व्यवस्था के लऽकऽ पटनाक जिलाधिकारी आओर वरीय पुलिस अधीक्षकक अध्यक्षता मे एक बैसक कयल गेल। जिलाधिकारी डॉक्टर चंद्रशेखर सिंह जनौलनि जे सत्रक बीच त्रिस्तरीय सुरक्षा–व्यवस्था रहत।

———————————————————————

राजभवन पटनाक राजेन्द्र मंडपम् मे आइ एक राष्ट्र–एक चुनाव विषय पर एक संवाद कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। ई कार्यक्रमक शुभारंभ राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर कयलनि। पंद्रहम वित्त आयोगक अध्यक्ष रहल आओर एक राष्ट्र–एक चुनाव विषय पर बनाओल गेल कमिटिक सदस्य एन.के सिंह जनौलनि जे समिति राज्यक विधानसभा चुनाव आओर लोकसभा चुनाव के एक संग करेबाक लेल संविधान मे संशोधनक सुझाव देलक अछि। एहि सँ देशक आर्थिक प्रगति मे गति आओत आ धनक बचत होयत।

———————————————————————

प्रदेशक उप–मुख्यमंत्री आओर खनन मंत्री विजय कुमार सिन्हा आइ हेलिकैप्टर सँ छपराक डोरीगंज सहित कतेको बाउल घाटक जयजा लेलनि। ओ संवाददाता सभ सँ गपशप

मे जनौलनि जे बाउल माफिया सभक खिलाफ कड़गड़ कार्रवाई कयल जा रहल अछि। एहि बीच तीन हजार बाउल सँ भरल ट्रक के जब्त कयल गेल अछि आओर पांच दोषी के गिरफ्तार कयल गेल अछि। श्री सिन्हा जनौलनि जे खनिज आवाजाही के आसान आओर अवैध खनिजक आवाजाही पर रोक लगेबाक लेल नियमावली मे कतेको बदलि कयल गेल अछि।

———————————————————————

बक्सरक प्रसिद्ध पंच कोसी परिक्रमा मेला आइ संपन्न भऽ गेल। चरित्र वनक विश्वामित्र आश्रम मे लिट्टी–चोखाक प्रसाद खा कऽ श्रद्धालु सभ ई मेला समाप्त कयलनि। एहि मौका पर किला मैदान सँ लऽकऽ चारित्र वन धरि धुआँ सँ पूरा क्षेत्र ढकि गेल। बक्सरक चरित्र वनक संबंध ऋषि विश्वामित्र सँ मानल जायत अछि। एहि लेल बक्सर के भगवान श्री रामक शिक्षा स्थलिक रूप मे सेहो जानल जायत अछि। लाखोंक संख्या मे लोकसभ आजुक कार्यक्रम मे भाग लेलनि।

———————————————————————

मधुबनी जिलाक जयनगरक कमला बीओपीक एस.एस.बी जवान एक मोटरसाईकिल चालक के दू सय ग्राम ब्राउन सुगरक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त